



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMÈ FAZ 10 MILYON DOLA INISYATIV ESTABILIZASYON KATYE BUFFALO

Inisyativ sa a gen Twa Pati, e l ap Pèmèt Plis Moun Tounen Mèt Kay, Anpeche Sezi Kay, epi Sible Pwopriyete Abandone nan East Side Buffalo ak Vilaj Cheektowaga

Premye Faz la ap Envesti plis pase 4 Milyon Dola pou Pèmèt Moun Tounen Mèt Kay e Bloke Sezi Kay, nan Enterè prèske 250 Fanmi

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon inisyativ sou twazan, k ap koute 10 milyon dola, pou pèmèt moun tounen mèt kay, fè reparasyon kay ki nesese pou anpeche sezi kay, e finanse yon estrateji prevansyon kay abandone nan East Side Buffalo ak Vilaj Cheektowaga. Premye faz finansman pou Inisyativ Estabilizasyon Katye (Neighborhood Stabilization Initiative) an twa pati sa a, ap envesti plis pase 4 milyon dola pou kòmanse travay sou prèske 250 kay ane sa a.

“Buffalo Billion te ede rejyon sa a reprann li byen e tounen yon leman pou aktivite ekonomik; men transfòmasyon Buffalo ak Rejyon Lwès New York pa konplè toutotan li pa touche tout moun nan kominote a, e sa gen ladan East Side”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ sa a pral rebay lespwa e ofri opòtinite nan enterè kominote ki defavorize depi lontan nan listwa nou; l ap fè moun New York ki merite sa reyalize rèv yo genyen pou tounen mèt kay, e l ap kontinye transfòmasyon remakab Rejyon Lwès New York.”

Gen detwa eksepsyon, men pifò katye East Side ak Cheektowaga gen ansyen kay yo te bati depi anvan 1978. Anpil kay nan zòn sa yo gen risk dispwopòsyone pou prezante danje tankou penti abazde plon, anvayisman dlo, aksidan ak pwoblèm sekirite, chofaj, plonbri, ak pwoblèm elektrik. Tipikman, to chomaj yo pi wo nan East Side, kote plizyè katye gen yon to chomaj ki depase 21 pousan. Nan kèk katye East Side, plis pase detyè popilasyon an gen gwo “chay lwaye” sou do yo, ki vle di yo depanse plis pase 30 pousan revni yo pou lwaye.

1.4 Milyon Dola pou Kreye 28 Nouvèl Opòtinite pou Moun Tounen Mèt Kay

Leta pral travay avèk Vil Buffalo e envesti 1.4 milyon dola pou fè reparasyon e mete adisponibilite nouvo mèt kay 28 pwopriyete vid e abandone ki se pwopriyete leta kounye a nan East Side. Eleman inisyativ sa a pral yon fòs estabilizasyon paske l ap

vize pwopriyete vid sou blòk kote pifò nan kay yo gen moun ladan yo—se yon entèvansyon bonè pou anpeche yon grenn bilding gen move enfliyans sou touton katye. Yo atann aske premye kay yo pare pou moun abite ladan yo an 2017. Ofiyamezi moun achte kay yo, lajan yo peye a pral reyenvesti nan lòt kay. Site a akeri pwopriyete sa yo nan men Buffalo Erie Niagara Land Improvement Corporation (yon bank rejyonal lokal) – sa ki te posib grasa Pwojè Lwa Bank Rejyonal Gouvènè Cuomo te siyen pou te fè l tounen yon lwa.

2 Milyon Dola pou Prezève Lojman, Anpeche Sezi Kay, e Pwoteje Fanmi East Side

Yo pral envesti 2 milyon dola pou ede fanmi dirèkteman lè yo riske pèdi kay yo akòz gwo depans pou antretyen ak itilizasyon enèji. Inisyativ Green and Healthy Homes lan () baze sou yon inisyativ asiksè ki te jwenn finansman nan men Pwokirè Jeneral Cuomo grasa lajan Règleman Labank (Bank Settlement); pwogram sa a pral ede apeprè 200 fanmi ki gen gwo risk pou pèdi kay yo akòz gwo depans pou antretyen ak itilizasyon enèji. Community Foundation of Buffalo (Fondasyon Kominotè Buffalo), ansanm ak lòt òganizasyon patnè lokal, pral kreye anviwònman devri ki sen e dirab pou fanmi yo paske y ap ede mèt kay jwenn aksè a izolasyon fwaye, reparasyon, ak pwogram sante nan kay (ki gen ladan retire plon) nan men plizyè òganizasyon, grasa yon sèl pwosesis la.

Lòt patnè GHHI (Green and Healthy Homes Initiative) yo se: Belmont Housing Resources (Resous Lojman Belmont), Center for Employment Opportunities (Sant pou Opòtinite Travay), Concerned Clergy Coalition of WNY (Kowalisyon Klèje ki Preyokipe nan WNY), Depatman Sante Konte Erie (Erie County Department of Health), Sant FLARE (FLARE Center), Heart of the City Neighborhoods (Katyè Nan Kè Vil la), Lt. Colonel Matt Urban Center, New Buffalo Impact, PUSH Buffalo, Vilaj Cheektowaga, University District Community Development Association (Asosyasyon Devlopman Kominotè Distri Inivèsitè), ak Western New York Coalition to Prevent Lead Poisoning (Kowalisyon Rejyon Lwès New York pou Anpeche Entoksikasyon ak Plon).

1.02 Milyon Dola pou Evite Pwopriyete Abandone

Twazyèm eleman Pwogram Estabilizasyon Katye a, se pou anpeche sezi kay, sa ki pral pèmèt mèt kay rete lakay yo e estabilize katye yo. Inisyativ sa a pral envesti plis pase 1 milyon dola pou pran ka pwopriyete abandone e anpeche yo egziste. Dapre pwogram nan, Ajans Ipotèk Eta New York (State of New York Mortgage Agency) pral achte ipotèk 17 pwopriyete yo riske sezi nan East Side Buffalo ak Vil Cheektowaga. Eleman sa a, nan kad inisyativ lan, ap gen ladan konsèy tèt-a-tèt avèk chak detantè ipotèk, e kontak dirèk avèk pretè yo pou modifiye prè. Chak modifikasyon ka gen ladan bès montan mèt kay la dwe epi/oswa reparasyon nesèsè nan kay la pou fè antretyen ki te annatant. Sizoka mèt kay la pa gen lajan pou peye yon ipotèk ki pi piti, oswa li pa vle gen kay ankò, HCR (Homes and Community Renewal) ak patnè ki pa-pou-pwofi li yo ap ofri resous ak soutyen pou ede mèt kay la rekòmanse a zewo; y ap asire yo an menm tan ke pwopriyete a pa abandone, epi y ap repare e revann li byen vit, a yon bon pri, bay yon achtè ki kalifye.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare, “Se katye ki simante yon vil ki vibran e ki fonksyone byen. Anons Gouvènè Cuomo fè jodi a montre li kontinye pran yon angajman memorab anvè yon renesans ekonomik ki leve tout moun atè a e touche tout

nivo kominote nou an. Lè li ede fanmi East Side k ap travay di pou yo reyalize rèv pou yo gen pwòp kay pa yo, e kenbe rèv sa a fèm, nou kore Buffalo ansanm ak tout Rejyon Lwès New York.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, NYSHCR), te deklare, “Inisyativ Estabilizasyon Katye Buffalo a vize defi san parèy kominote endividyèl ap konfronte lè pou yo kreye establi nan katye yo alontèm e ofri pi gwo opòtinite pou fanmi yo. Ane sa a, prèske 250 fanmi pral reyalize rèv yo genyen pou yo posede kay, epi y ap repara kay vid oswa ki an danje. Sa se yon egzanp konkrè angajman Gouvènè Cuomo pran anvwè satisfaksyon bezwen katye yo; li atake pwoblèm plizyè fason e li rasanble tout fòs ak resous ki genyen pou fè diferans tout bon nan lavi moun. HCR kontan dèske li fè pati pwogram sa a e n ap kontan wè renesans Buffalo ak Rejyon Lwès New York.”

Senatè Tim Kennedy te deklare: “Inisyativ san parèy sa a ofri moun New York ki travay di opòtinite pou yo posede kay yo reve. Lè li envesti nan fiti rejyon sa a, Gouvènè a montre yon angajman enkondisyonèl anvwè moun Buffalo ak jenerasyon demen yo nan Buffalo. Pwogram sa a pral dekouraje sezi kay e ede rezidan Cheektowaga ak East Side nan Buffalo viv yon bòn vi ak kè kontan.”

Crystal D. Peoples-Stokes, ki se Manm Asanble, te deklare, “Yo konsevwa Inisyativ Buffalo Homestead Gouvènè Cuomo an yon fason pou li diminye sezi kay ak pwopriyete abandone. Yo itilize li an konjonksyon avèk pwogram pou moun k ap achte kay pou premye fwa ak lòt estrateji estabilizasyon katye; sa fè opòtinite vin egziste pou kore kominote ki nan bezwen. Nou te tandè enkyetid nou, e n ap pote atansyon nou sou East Side nan Buffalo. Inisyativ sa a se youn nan plizyè inisyativ pou montre pi bèl bagay ap vini pi devan toujou nan East Side Buffalo.”

Monica P. Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare, “Kay abandone se yon vre pwoblèm nan tout kominote isit la, nan Rejyon Lwès New York. Dènye fwa nou te konte, te gen plis pase 400 kay abandone nan Cheektowaga sèlman, sa ki lakòz valè kay nan katye a desann e sa kreye kondisyon ki fè timoun an danje. Inisyativ sa a pral fè pwopriyete ki abandone tounen bèl kay, ede fanmi pran rasin nan Rejyon Lwès New York, e soutni yon kominote akeyan e byen vivan pou gason, fanm ak timoun. Rezidan k ap travay di nan Rejyon Lwès New York merite gen pwòp kay pa yo, e grasa pwogram san parèy sa a, avèk Buffalo Billion, Gouvènè an ak Eta New York ap ede yo fè sa.”

Majistra Byron W. Brown te deklare: “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak soutyen li, e pou investisman san parèy li fè pou yon inisyativ ki pral asire nouvo opòtinite pou posede kay e ofri kay ki a pri abòdab, ki san danje, epitou ki de bòn kalite bay fanmi k ap travay nan East Side Buffalo. Inisyativ sa a ap kontinye kore kominote nou yo e revitalize ekonomi nou an.”

Sipèvizè Cheektowaga, Diane Benczkowski te di, “Inisyativ Gouvènè Cuomo sa a pral lakòz yon transfòmasyon reyèl; l ap pèmèt plis moun achte kay, l ap anpeche sezi kay, e l ap sible pwopriyete abandone nan East Side Buffalo e isit la menm, nan Vilaj Cheektowaga. Inisyativ an twa pati sa a pral pèmèt moun New York reyalize rèv yo

genyen depi lontan pou yo vin tounen mèt kay, e l ap ede transfòme ekonomi Rejyon Lwès New York e kore kominote nou an jan sa nesesè. Mwen bat bravo pou jefò Gouvènè Cuomo fè pou revitalize kominote Rejyon Lwès New York e modènize estrikti lojman toupatou nan eta a.”

Reveran Darius Pridgen te di, “Grasa angajman san parèy Gouvènè Cuomo anvè Rejyon Lwès New York, nou fè Buffalo tounen yon modèl nasyonal iben nan domèn revitalizasyon. Gouvènè Cuomo konnen angajman osen yon kominote, envestisman ak vizyon, tousa pèmèt nou pote chanjman tout bon vre osen kominote nou yo. Lè nou fè East Side Buffalo leve atè a, n ap kontinye atire antrepriz, inovatè, e lespri jèn e byen vivan nan zòn sa a, pou ede plis kwasans nan domèn travay, e pèmèt esò ekonomi rejyonal nou an.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418